



Pou Piblikasyon Imedya: 31/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL MAKE ETAP ENPÒTAN NAN AKSÈ NAN KOT LÈS LA AK TÈS LIRR LA POU ALE NAN GRAND CENTRAL

*Aksè nan kot lès la ap louvri ofisyèlman an desanm 2022, k ap pote sèvis dirèk ki pi rapid, pou pasaje Long Island ak Queens pou ale nan Kot Lès Manhattan*

*Kapasite vwa ferye ki ogmante a ap diminye foul sou tren, metwo ak nan Penn Station*

Gouvènè Kathy Hochul te rejwenn Otorite Transpò Metwopolitèn nan (Metropolitan Transportation Authority, MTA) jodi a pou fè yon tès tren espesyal nan Wout Ray Long Island lan (Long Island Rail Road, LIRR) pou ale nan Tèminal Grand Central la epi bay piblik la youn nan premye apèsi nouvo tèminal pasaje pou Aksè nan Kot Lès 350,000 pye kare a isit la. Sa se pi gwo nouvo tèminal tren ki konstui nan peyi Etazini depi 1950 ak pi gran ekspansyon LIRR la nan plis pase 100 tan. Ansanm ak pwojè twazyèm pis LIRR la, nouvo koneksyon an ap ajoute 50 pousan nan kapasite LIRR nan Manhattan ak jiska 24 tren pa estasyon pa èdtan epi diminye tan deplasman pou pasaje Queens ak Long Island k ap vwayaje nan kot lès yo a 40 minit pa jou. Sa ap diminye tou foul ki nan tren banlye yo, nan Penn Station ak sou metwo a lè li dispèse pasaje yo epi pèmèt yo ale dirèkteman nan destinasyon Tèminal Grand Central atravè Queens ak Long Island yo. Nouvo wout ak sal tren an ap ouvri ofisyèlman an desanm 2022.

"Sal Aksè nan Kot Lès la se yon modèl pou sistèm transpò modèn pandan n ap gade avni apre pandemi an," **Gouvènè Hochul te deklare**. "Antanke premye tèminal tren modèn k ap konstui nan plis pase yon demi syèk, sal Aksè nan Kot Lès la ap devlope sèvis tren, diminye tan deplasman nan Lès Manhattan apati Queens ak Long Island, epi diminye foul. Sa se yon lòt egzanp ankò de New York k ap ouvri wout la pandan n ap rekipere de pandemi an, epi mwen enpasyon pou sal ak wout Aksè nan Kot Lès la ouvri nèt an desanm 2022."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa MTA, Janno Lieber, te deklare**, "Y ap livre pwojè Aksè nan Kot Lès la pi vit, sèvis dirèk pou pasaje Long Island ak Queens pou ale nan Kot Lès Manhattan, Sant travay ki pi dans nan Amerik Dinò a. Devlopman entelijan ki oryante sou transpò piblik sa ap ede estimile kwasans ekonomik, bay pi bon koneksyon ak Wout Metro-North la pou diminye sikilasyon machin epi amelyore kalite lè nan rejyon an."

**Prezidan LIRR Ian Phil Eng te deklare,** "Se sinèji pafè pou nou genyen Gouvènè Hochul isit la jodi a pandan l ap dirije chaj pou amelyore epi inovè avni New York epi MTA a pi pre toujou pou inogire yon nouvo chapit nan istwa LIRR. Mwen rekonesan pou lidèchip li epi mwen fyè de wòl LIRR nan ede pou livre Pwojè Aksè nan Kot Lès la pou bay nouvo sèvis nan Tèminal Grand Central la pou tout moun Long Island. An 2022, pa sèlman n ap bay plis opsyon pou chofè ki prale nan Kot Lès Manhattan yo, men n ap ba yo yon enstalasyon modèn a kote Tèminal Grand Central la. LIRR la ap kontinye yon lidè nan diminye polisyon epi estimile ekonomi Eta New York la, lè li fè moun yo soti nan machin yo epi retounen travay atravè Long Island ak Vil New York."

Sal Aksè nan Kot Lès nan Tèminal Grand Central la enkli yon sal pasaje LIRR 350,000 pye kare jis anba nivo lari a k ap ofri nouvo antre sou tout Madison Avenue, 25 devan magazen detay, WiFi ak sèvis selilè, nouvo enstalasyon atistik ak siyalizasyon dijital ak enfòmasyon sou tren nan tan reyèl. Antre ki nan 347 Madison Avenue ki te konstui nan 45th Street nan kad rekonstriksyon ansyen syèj sosyal MTA a prevwa sèvi 10,000 moun pa jou pou kont li.

Disèt eskalye mekanik gran wotè, 182 pye nan longè epi ki pi long nan sistèm MTA a, ap konekte pasaje yo ant nouvo sal klas mondyal la ak mezanin tèminal tren 140 pye ki anba Park Avenue an. Mezanin lan mennen nan yon nivo tren ki pi wo ki gen de platfòm ak kat pis, ak yon nivo tren ki pi ba ki menm jan genyen de platfòm ak kat pis.

Tren yo ap antre nan sal la apati yon tinèl ki fèk aktive ki pote de pis pandan li pase anba East River nan 63rd Street. De pis yo deplwaye apre sa an kat, epi an uit sou de nivo yo.

Nan Queens, ekip yo te konstui yon nouvo lakou ki gen espas pou jiska 300 machin tren, epi Harold Interlocking la konplètman modènize, entèseksyon tren pasaje ki pi frekante nan Amerik Dinò a, ki genyen ladan l 97 nouvo chanjman pis, 295 poto ki transpòte fil ayeryen pa Amtrak, senk nouvo pon fewovye an asye, ak 8,445 pye mi soutènman. An jeneral, pwojè a enkli plis pase 64 kilomèt nouvo pis, apeprè 21 kilomèt tinèl ki fèk fouye, 44 vantilatè vantilasyon, 885 kilomèt kab ak 975 kamera sekirite, 15 pòtik ayeryen ki afiche siyal kontwòl tren yo, ak 14 kabin sou tout pis yo ki genyen eleman sistèm siyalizasyon yo.

Pwojè a ki te fèt alorijin an 1960, te devlope nan ane 1990 yo ak travay ki te kòmanse serye nan Queens ak Manhattan an 2006. Kontraktè Aksè nan Kot Lès yo te akonpli plizyè eksplwa enjenyeri pandan ane yo, ki enkli dinamitaj anba Tèminal Grand Central la ki gen enpak ki limite sou operasyon fewovye yo, mine anba Northern Boulevard ak metwo ayeryen ak souteren nan Queens lan, ogmantasyon kapasite Harold Interlocking la.

Anplis soulajman konjesyon nan Penn Station, Aksè nan Kot Lès la ap ranfòse pozisyon konpetitif nan ekonomi mondyal la lè li bay yon nouvo lyen pou sant biznis yo sou Kot Lwès la epi sipòte kwasans travay nan antouraj Tèminal Grand Central la. Lè pwojè a fini, efikasite operasyonèl li nan Harold Interlocking ap amelyore anpil, l ap

benefisye vwayajè sou tout Koridò Nodès la. Pou premye fwa, pis ADDRD yo ap fè trajè envès soti Vil New York pou ale Long Island yon opsyon reyalis pou rejyon an epi l ap pèmèt kliyan East Midtown ak Liy Metro-North yo kapab konekte ak Ayopò JFK atravè Wout Ray Long Island ak Tren Ayeryen Jamica a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)